



**UJIAN MADRASAH
MADRASAH IBTIDAIYAH KABUPATEN NGAWI
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Rabu, 7 Mei 2025
Waktu	: 07.30 - 09.30 WIB

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan soal
2. Kerjakan terlebih dahulu soal-soal yang Anda anggap mudah.
3. pilihlah jawaban yang kamu anggap benar
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan soal.
5. Jumlah soal sebanyak 50 butir soal Pilihan Ganda.
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
8. Periksa pekerjaan Anda sebelum jawaban dikirim.

Klik (pilih) pada huruf A, B, C atau D pada jawaban yang benar!

Gobak Sodor

Dina Setu ing kelas VI ana pelajaran olah raga. Kabeh murid kelas VI wis padha baris ing lapangan. Kabeh padha bregas lan seger. Barise manut klompok dhewe-dhewe. Kabehe ana limang klompok. Saben klompok bocah papat. Bima dadi ketua klompok telu.

"Dina iki dolanan gobag sodor. Sapa sing wis tau dolanan gobag sodor?" pandangune Pak Imam.bima, Niken, Wati, Ruslan lan Munip ngacung. Pancen bocah lima iku kerep dolanan gobag sodor ing platarane Pak Jono.

1. Dina ... ing kelas VI ana pelajaran olah raga.
 - A. Senin
 - B. Rebo
 - C. Jumat
 - D. Sabtu
2. Kelase Bima iku muride ana ...bocah.
 - A. 15
 - B. 20
 - C. 25
 - D. 30

3. Pawarta kang diwartakake kudu adhedhasar fakta utawa kasunyatan.
Pranyatan kasebut nuduhake titikane pawarta, yaiku
A. aktual
B. faktual
C. wigati
D. cekak aos
4. Unsur kang biyasane ngrembug babagan papan panggonan dumadine prastawa sing diwartakake diarani
A. what
B. when
C. where
D. why

5. Gatekna cerita teks ing ngisor iki!

Sanalika Bawang Putih rumangsa seneng banget. Awak kesel lan weteng sing luwe kaya-kaya wis ora dirasa meneh. Bawang Putih terus nggawakake dhunak gedhe wadhah beras sing mari dipususi. Ora tega nyawang wong tuwa nggawa barang samono gedhene. Wong tuwa adon iku sejatine raseksa, jenenge Nini buta ljo.

Watake bawang putih yaiku

- A. gumedhe
 - B. seneng tetulung
 - C. kerep nesu
 - D. ana pamrihe
6. Ing ngisor iki kang klebu tembang macapat yaiku
A. Mijil
B. Salisin
C. Wirangrong
D. Jurudemung
 7. Kang ora klebu jinise tembang macapat, yaiku
A. Girisa
B. Megatruh
C. Asmaradana
D. Maskumambang

Cakepan tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 8-9!

Pancen ampuh Pancasila

Mratandhani tunggal budi pakarti

Iku prajanjen kang luhur

Urip tentrem raharja

Kanggo pandom guyub rukun trus ambangun

Uga dhasaring nagara

Paugeran kang wigati

8. Guru wilangane gatra kalima, yaiku
 - A. 8
 - B. 10
 - C. 11
 - D. 12
9. Guru wilangan lan guru lagu tembang kasebut, yaiku
 - A. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 - B. 8u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i
 - C. 9a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 - D. 9u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i
10. Menawa arep omongan karo bu guru, becike Santi nganggo ragam basa
 - A. ngoko alus
 - B. krama lugu
 - C. krama inggil
 - D. ngoko lugu
11. Pakdhe wis ngombe teh.
Ukara ing dhuwur yen dikramakne dadi
 - A. Pakdhe sampun ngombe teh.
 - B. Pakdhe sampun mundhut teh.
 - C. Pakdhe sampun ngunjuk teh.
 - D. Pakdhe sampun nyambut teh.
12. Gagasan pokok kang dadi dhasar kanggo ngembangake crita diarani
 - A. alur
 - B. judhul
 - C. pacelathon
 - D. tema
13. Wacan kang isine sakumpulan data utawa fakta kang wis diolah saengga nduweni makna kanggo pamacane diarani teks
 - A. informasi
 - B. pawarta
 - C. narasi
 - D. deskripsi
14. Jinise basa kang digunakake Dimas nalika srawung karo kanca sekelase yaiku ragam basa
 - A. ngoko
 - B. krama lugu
 - C. krama inggil
 - D. kedhaton

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 15-17!

Karang Taruna Desa Bangunharjo kanthi rutin nindakake kagiyatan gotong royong resesik lingkungan ing dina Minggu kapisan saben sasi. Sing dadi sasaran yaiku ngresiki saluran got kang katutup dening uwuh. Sadurunge ditindakake, para anggota lan masyarakat saubenge nglumpuk ana ing lapangan Jati Margodadi. Kagiyatan kasebut dipandhegani dening Ketua

Karang Taruna Desa Bangunharjo, Widiyanto. Dheweke ajak-ajak para masyarakat supaya luwih preduli marang lingkungane. Kanthi selokang kang resik, banyu bisa mili kanthi lancar lan ora dadi omah nyamuk.

15. Papan pawarta kasebut ana ing desa....
 - A. Margodadi
 - B. Jati
 - C. Karangduren
 - D. Bangunharjo
16. Kagiyanan gotong royong resik lingkungan ana ing dina....
 - A. Minggu
 - B. Kemis
 - C. Jemuwah
 - D. Setu
17. Kagiyanan resik lingkungan ing desa Bangunharjo dipandhegani dening....
 - A. ketua RT
 - B. ketua RW
 - C. ketua Karang Taruna
 - D. ketua Paguyuban
18. Ing ngisor iki ora klebu perangane teks persuasi, yaiku
 - A. pengenalan konflik
 - B. pengenalan isu
 - C. rerangken argumen
 - D. pranyatan ajakan
19. Guru gatra yaiku
 - A. cacahé gatra saben sagatra
 - B. cacahé wanda saben sagatra
 - C. cacahé gatra saben sapada
 - D. cacahé wanda saben sapada
20. Wacan dheskripsi iku teks kang samubarang kanthi tembung-tembung sawijining barang, papan, panggonan, swasana, lan kadadean, nduweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng.
 - A. Nyritakake
 - B. nggambarake
 - C. carane nganggo utawa nggawe
 - D. njlentrehake kanthi bukti kuwat
21. Titikane wacan dheskripsi ing antarane, yaiku
 - A. nggambarake kadadean kanthi cetha
 - B. kadadeane ngaggo urutan wektu
 - C. isine cara gawe utawa carane nganggo barang
 - D. pamaca ora bisa nggambarake

22. Bayu kali saka lereng gunung tiba ing papan kang luwih cendhek awujud grojogan, gembrojek *unine*. Ukara ing ndhuwur migunakake pancadriya

- A. mripat
- B. irung
- C. kuping
- D. kulit

23. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe.

Tembung *pakaryane* padha tegese karo

- A. pagaweyane
- B. pakulinane
- C. kasenengane
- D. karemenane

24. Kang **ora** klebu jinis crita rakyat yaiku

- A. legendha
- B. fable
- C. mitos
- D. narasi

25. Crita kang ana gegayutane karo dumadine sawijining panggonan, diarani

- A. sage
- B. legendha
- C. fabel
- D. mitos

26. Paraga wayang ing ngisor iki klebu Kurawa, **kajaba**

- A. Durmagati
- B. Duryudana
- C. Sengkuni
- D. Dursasana

27. *Kelap-kelip kae cahyane*

Metu nyenengake ati lan kadhang

kala medeni

Kewan iki ana sunare

Cilik tur endah nalika miber

Pethilan geguritan ing ndhuwur nggambarake kewan

- A. konang
- B. parkit
- C. cegok
- D. kupu-kupu

28. Kahanan ati sajrone geguritan kayata sedhih, susah, bungah, nelangsa, lan sapiturute diarani

- A. wirama

- B. winasis
- C. wirasa
- D. wisesa

29. Polah obahe tangan, awak, polatan, lan rasa kudu luwes ora kaku, lan ora katon digawe-gawe diarani

- A. wicara
- B. wirama
- C. wirasa
- D. wiraga

30. Ing ngisor iki patrap sing bener nalika maca geguritan, yaiku

- A. awak bungkok
- B. tangane ndhaplang
- C. awak jejeg luwes lan ora katon kaya kaku lan digawe-gawe
- D. pocapan kudu jelas tegas lan ora bindheng

31. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu

- A. katon seneng supaya ngrungokake melu seneng
- B. katon bungah supaya sing ngrungokake melu bungah
- C. katon semangat supaya sing ngrungokake melu semangat
- D. katon sedhih supaya sing ngrungokake melu sedhih

32. **Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 32-33.**

Jumat asri

Resik lan sehat

Cancut tali wanda

Nandur kebecikan

Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu

Ora tinggal glanggang colong playu

Tumuju adiwiyata murih rahayu

Crah agawe bubrah

Rukun agawe santosa

Guyub rukun kaya sapu sada

Irah-irahan kang trep kanggo geguritan ing ndhuwur yaiku

- A. Guyub Rukun
- B. Sapu Sada
- C. Adiwiyata Murih Rahayu
- D. Jumat Asri

33. Piwulang sing bisa kok jupuk saka geguritan ing dhuwur yaiku

- A. kudu gotong royong ing bebrayan
- B. manungsa ing donya bisa urip dhewe, ora perlu liyan
- C. crah karo tangga teparo perkara lumrah
- D. resik-resik iku dudu kuwajibane manungsa

34. Isine mung khayal alias ora nyata utawa mokal anane iku titikane crita rakyat kang sinebut
- A. anonim
 - B. imajinatif
 - C. kolektif
 - D. irasional
35. *Gethok tular* tegese
- A. disebarake kanthi cara lesan
 - B. disebarake saka wong adol gethuk
 - C. nular saka mancanegara
 - D. pungkasane crita ditutup kanthi nggethok tangan
36. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani
- A. alur
 - B. latar
 - C. tema
 - D. amanat
37. Ing ngisor iki andharan babagan latar, **kajaba**
- A. kahanan
 - B. papan
 - C. sandhangan
 - D. wektu
38. Pesan moral iku uga bisa sinebut pitutur
- A. dhuwur
 - B. luhur
 - C. ngucur
 - D. mujur

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 39-41!

Wayah Panen

dening Rangga Mahardika

Angin alon midid sumilir
Amiyak godhong lan damen
Pari kuning isi mentes
Mathuk-mathuk madhep ibu pertiwi
Girang gumuyu para tani
Kringet mili wus dilali
Panase srengenge krasa adhem
Awit panen wus tumata nyata

39. Damen iku arane wit
- A. pari
 - B. kacang
 - C. jagung
 - D. tela

40. *Girang gumuyu para tani.*

Kosok baline tembung *girang* yaiku

- A. Seneng
- B. Bungah
- C. Sedhih
- D. Bagya

41. Sing arep panen iku para

- A. bakul
- B. tani
- C. bocah
- D. nelayan

42. ***Gatekna pranyatan ing ngisor iki !***

- (1) Nemtokake gagasan pokok.
 - (2) Nemtokake tema.
 - (3) Ngembangake gagasan pokok dadi pada geguritan.
- Trap-trapan nulis geguritan kang trep, yaiku

- A. (1) - (2)- (3)
- B. (2) - (1) - (3)
- C. (2) - (3) - (1)
- D. (3) - (2) - (1)

43. ***Teks geguritan iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 43-76 !***

Asrine Wana

Adoh saka ramene janma
Ana wana sing katon amba
Ijo royo-royo sedhep disawang netra
Sisa-sisa kaendahan donya

Swara kewan-kewan saut-sautan
Manuk lan munyuk dolanan ing wit-witan
Ing tengah wana dilewati kali
Banyune mili nentremake ati

Muga-muga iku wana tansah ana
Nganti donya nemoni pungkasan
Aja nganti iki wana malah sirna
Amarga dipangan majune jaman

44. Papan panggonan geguritan kasebut, yaiku
- A. alas
 - B. kebon
 - C. sawah
 - D. taman
45. Adoh saka ramene janma.
- Janma tegese
- A. Desa
 - B. Kutha
 - C. Manungsa
 - D. Segara
46. Wana kang digambarake ana ing geguritan iku katon
- A. asri
 - B. crah
 - C. bubrah
 - D. gundul
47. Kewan sing dolanan ana ing geguritan kasebut yaiku
- A. jingklong lan temangga
 - B. macan lan singa
 - C. manuk lan munyuk
 - D. sura lan baya
48. Aja nganti wana iki malah sirna
- Amarga dipangan majune jaman
- Tegese dipangan majune jaman, yaiku
- A. digundhuli dinggo pembangunan
 - B. lumuten nganti wit-witane lapuk kabeh
 - C. mati amarga paceklik dawa
 - D. wit-witane ambruk kena angin lesus

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 49-50 !

Sesawangan ing sakiwa tengene Gunung Bromo endah banget. Gunung api aktif iki lokasine ana ing laladan Kabupaten Probolinggo, Kabupaten Pasuruan, Kabupaten Lumajang, lan Kabupaten Malang. Ing kawasan sakiwa tengene gunung beluk kabut kumebul sumundhul ngawiyat. Manuk-manuk pating sumliwer ing kupenge gunung. Thethukulan kang sarwa ijo ngrenggani saambane pereng. Saka kadohan katon kali kang iline banter. Swarane banyu gumrojog. Saking bantere cumiprat ngempyok gegodhongan. Hawane adhem. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Ana para tani sing nenandur bangsane woh-wohan. Saperangan ana kang nenandur janganan lan kacang-kacangan.

Gunung Bromo endah banget yen wayah esuk. Ing sisih wetan sumamburat abang. Mbaka sethitik srengenge mencorong padhang. Sadawane sesawangan savana, suket ijo

kaya dene gelaran. Embun-embun kang nelesi gegodhongan saya suwe ilang nguwap amarga srengenge tansaya panas. Wong-wong wis miwiti pakaryane. Ana sing ngiderake jarane kanggo tetunggangan para wisatawan. Ana wong kang ngiderake panganan. Ana kang mider nunggang motor tril ngiteri kawasan gunung. Uga ana andha tumuju pucuke gunung. Ing pucuke gunung, ana beluk kumebul saka njerone gunung. Sapa dolan menyang Bromo, kaya aras-arasen ninggalake sesawangan kang nyata endah dinulu mata.

49. Gunung Bromo iku mapan ing laladan, kajaba Kabupaten

- a. Probolinggo
- b. Pasuruan
- c. Blitar
- d. Lumajang

50. Ing ngisor iki pranyatan kang bener miturut wacan kasebut, yaiku

- a. Sesawangan ing Gunung Bromo katon reged
- b. Gunung Bromo iku mapan ing tlatah Jawa Tengah
- c. Laladan Gunung Bromo hawane sumuk
- d. Ing kawasan sakiwa tengene gunung Bromo, beluk kabut kumebul nganti nyundhul langit